Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого, лъилье, нилъ гьечIого, хур.
Инхоса ГIали-хIажи



# Гумбет

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

## Гумбет районалъул газета

№ 45 (6677) 21 октябрь 2019 с. Итни Сафар 1441 с. Багъа - эркенаб

БАРКИ

## Баркула нухазул магIишаталъул хIалтIухъабазда!

**ХIурматиял Бакълъулазул районалъул нухазул магIишаталъул хIалтIухъаби! Баркула нужеда профессионалияб байрам - нухазул магIишаталъул хIалтIухъабазул къо!**

Район социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетIеялъе кIудияб кIвар бугел автомобилал хьвадулел нухал гьари ва къачIай бакълъулазул районалда лъикI унеб буго. Нужер хIаракатаб хIалтIул хIасилалда бараб буго районалъул халкъалъул хIинкьи гьечIел, парахатал сапаралги, гIадамазул рес буголъиги, гьезул гIумру лъикIлъиги. РакI чIараб буго, нужер жигарчилъиялда, хIалбихьиялда мугъчIвайги гьабун, гьеб рахъалъ нилъее бергьенлъаби щвезе рукIиналда.

Гьарула нужее щулияб сахлъи, хъизамалда талихIрохел, захIматалъулаб хIаракатчилъиялъулъ чIахIиял бергьенлъаби!

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

СОЦИАЛИЯБ СИЯСАТ

## Программаялда рекъон, мина-карт босизе гIарац биччана

**Бакълъулазул районалда гIадамаз гIумру гьабиялъе шартIал гIуцIиялъе субсидиязе нугIлъиялъул кагътал къуна**



**Бакълъулазул районалъул администрациялда гьал къояз къуна, гIумру гьабиялъе санагIатал шартIал гIуцIиялъе, тIоцебесеб группаялъул инвалид ва сакъатаб лъимер бугеб хъизан хьезариялъе квербакъиялъе букIине субсидиязе свидетельстваби. Гьеб тадбиралда гIахьаллъана муниципалитеталъул бетIер ХIажимурад МухIамадов, ДРялъул МФЦялъул Бакълъулазул районалда бугеб филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадов, юрист Асият ГIабдурахIманова.**

Рохалилаб ахIвал-хIалалда районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас субсидиязе кIиго свидетельство къуна кIиго хъизамалъе: тIоцебесеб группаялъул инвалид Эльмира ГIалиевалъе ва лъимер – инвалид хьихьулеб Аминат Шарапудиновалъе.

Игьали росулъа Эльмира ГIалиева гIемер заманаль унтун йикIана онкологиялъулаб унтиялъ. Гьеб диагнозалдаса хадуб гьелъ яшав гьабуна рохьоб. ГIемерал соназдасан гьей сахлъана ва жиндирго хъизаналъухъе тIад юссана.

ДандчIваялда районалъул бетIерас рехсана Эльмира ГIалиевалъ бихьизабураб къвакIи, яхI. Бицана гIадамал социалияб рахъалъ цIуниялъе республикаялда гьарулел ругел хIалтIабазул, гьарана субсидиялъе свидетельстваби кьурал кIиялъего сахлъи, талихI-рохел.

Гражданазул яшав гьабиялъул шартIал лъикIлъизариялде балагьараб регионалияб проект гIумруялде бахъинабулеб буго МФЦялъул уполномоченниясги ДРялъул бакIал раялъул министерствоялъги цадахъ. Гьаб соналъул 1 июлалдаса байбихьана МФЦялъул офисалде субсидиялъе заявкаби къабул гьаризе. Субсидиялъе документал районалда кьун руго 6 хъизамалъ.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Ункъо школа цIигьабулеб буго

**Лъайкьеялъул, спорталъул ва росдал магIишаталъул суалазул халгьабуна**



**14 октябралда Бакълъулазул районалъул администрациялда тIобитIараб дандельиялда гьоркьор лъуна лъайкьеялъул, спорталъул, росдал магIишаталъул ва цогидалги кIвар бугел суалал.**

Дандельиялда гIахьаллъана федералиял, республикаялъул, муниципалиял идарабазул хIалтIухъаби, бакIалъулаб самоуправлениялъул вакилзаби, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулел.

Дандельи рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас.

ДРялъул МФЦялъул Гумбеталда бугеб филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас баян гьабуна пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъ 176 чиясе гьабунин, филиалалъул хIалтIухъаби росабалье хIалтIулаб сапаралъ анин.

Централияб больницаялъул бетIерав тохтурасул ишал тIуразарулев ГIабдулхIамид ГIалисултановас абуна больницаялда сах гьавулев вугин 37 унтарав, больницаялъул сверухълъиялда рацIцIалъи чIезабиялъе хIалтIи гьабунин ва тарихазулаб флюорографиялъул аппарат лъезе хIадурлъи гьабулеб бугин.

Хасалил мучIдузде гIи гочун лъугIиналъул, хаслихъе рекьи гьабизе ракь хIадуриялъул, хаселбекь гьабизе 35 тонна хьон босиялъул бицана муниципалитеталъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимовас.

ЧIиркъатIа ва МелъелтIа росабалъ тIоритIана эркенаб гугариялъул турнирал. Районалъул спортивиял школазул воспитанниказ гIахьаллъи гьабуна ГТОялъул нормаби кьеялъул рахъалъ Дагъистаналъул чемпионаталда ва бихьизабуна спортивияб хIадурлъи лъикIаб букIин.

(Ахир - кIиабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



Рохьал цIуни мурадалда
-2 гьум.



Росу рехун тани, биххула улка
-2 гьум.



Повесть Гамзата Изудинова «На Харибском перевале» вошла в Антологию прозы народов России
-3 стр.



Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас зигара балеб буго АхIмад МухIамадовасул хъизамалда ва гIагарлъиялда
4 гьум.

# Ункъо школа цIигьабулеб буго

(Байбихьи - тIоцебесеб гьум.)

Гьел ва цогидал спортивиял тадбиразул баян кьуна Бакълъулазул районалъул администрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухIма МухIамадовас.

- «150 школа» программаги гIумруялде бахьинабулаго, Аргъвани, ЛъаратIа, Килалъ, Гьарадирихъ школазда унел руго ремонталъулал хIалтIаби. Районалъул лъайкьеялъул учреждениял хьезарун руго тIурччиялдалъун. Лъайкьеялъул учреждениязда гьединго унеб буго «Дир гьасито – гIагараб Дагъистан», «Инсанасул ихтиярал - лъимадул бераздалъун» абурал конкурсазде хIадурлъи», - ян бицана районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас.

Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас данделъиялъул хIасилал гьаруна ва гьоркьор лъурал суалазда хурхун, дандрекъон кколел тIадкъаял кьуна.

**Макка МухIамадова**

РОХЬАЛ - ДУНЯЛАЛЪУЛ ГЬУЪРУЛ

# Рохьал цIуни мурадалда

### Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов гIахьаллъана Рохьил планалъул проект гьоркьоб лъеялда

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас гIахьаллъи гьабуна Дагъистан Республикаялъул Рохьил план хIадурулеб республикаялъулаб данделъиялда. Гьеб тадбир бачана ДРялъул ракьул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул рахъалъ министр Агарагим КагирхIажиевас.**



Дагъистан Республикаялъул рохьил магIишаталъул рахъалъ комитеталъул председатель Вагьаб ГIабдулхIамидовас баян гьабуна 10 соналъе Рохьил план хIадурулеб ва ДРялъул бетIерас тасдикъ гьабулеб бугин. Гьелдаса хадуб планалда хиса-басиял гьаризе бегьулин. Рехсараб документ хIадур гьабулеб буго ДРялъул рохьил фондалъул ракьазда тIоритIизе ругел тадбирал хIисабалде росиялъе.

Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас абуна муниципалитеталъул ракьалда рухIчIаголъабаздалъун ва хурдуздалъун бечедал рохьал ругин ва районалъул администрациялъ республикаялъул Рохьил план гIуцIиялъе жиндир заманалда баянал кьезе ругин.

**«Гумбет» РИО**

ЖАМАГIАТАЛЪУЛ ГАЗА

# Росу рехун тани, биххула улка

### ЦIилик росулъ тIобитIана «МагIарухъ хасалихълъи» абураб фестиваль

**Рорхатал мугIрузда бугеб Бакълъулазул районалъул ЦIилик росулъ тIобитIана фестиваль ва гьеб кьоялъ комбайналъ тIощел бакIарана.**

Гьеб тадбиралда гIахьаллъана район тун кьватIир гIумру гьабулел цIилкьал ва Бакълъулазул районалъул цогидал росабалъа гIадамал, гьединго районалъул администрациялъул вакилзаби, журналистал ва цогидалги.

«ЦIилкьал кидаго рукIана захIмат бокьулел, унго-унгоял магIишатчагIи. Гьез хIалтIизабула хурухъанлъи, гIи-боцIухъанлъи, бокьула гьезие хIалтIи, жидерго росу, гIагараб ракь, улка. Кидаго бихьизабуна ВатIаналде рокьи, жиграб гIахьаллъи гьабуна КIудияб ВатIанияб рагъда, 1999 соналъул августалда – сентябралда халкъазда гьоркьосел хъачагъал тIаде кIанцIидал, гьел нахъе рачахъиялда. Жакъа цIилкьадерица жидерго росу кьачIаялъе, гIумру гьабиялъе санагIатал шартIал гьенир гIуцIиялъе, АПК цебетIезабиялъе гIемераб хIалтIи гьабулеб буго», - ян абуна Бакълъулазул районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимовас.

Фестивалалъул гIахьалчагIаз баркала кьолеб букIана предприниматель МухIамад (Мурадбег) МухIидиновасе, гIагараб росулъ росдал магIишаталъул хIалтIаби гьаризе «Нива» комбайн босаралъухъ.

«ГIемерисел росабалъа бекьулеб ракь рехун тун буго. ЦIилкьадерица хурзал рекьулел руго. Предприниматель МухIамад МухIидиновас кIудияб кумек гьабулеб буго гIагараб росдае. Умумузго гIезабулеб букIараб бугIа бекьана гьес. ГIи-боцIуца зарал гьабиларедухъ сеткаялъ сверун кьана хурзал, чIана пихъил гьутIби, гIезабулеб буго экологияб рахъалъ бацIцIадаб тIощел. ЛъикIаб букIинаан цIилкьадерил хIалбихьиялдаса цогидазги пайда босани, рехун тарал ракьал хIалтIизаруни», -ян тIаде жубана Ибрагьим Ибрагьимовас.

Гьес цIилкьадерида, «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул цIаралдасан, баркана росдал магIишаталъул хIалтIухъанасул къо, баркала кьуна АПК цебетIезабиялъе сурсатал кьолел сахаватчагIазе.

«Сельсовет “Цилитлинский”» росдал поселениялъул бетIер ГIалихан ДавудхIажиевас бицана цIилкьадерие сахаватчи МухIамад МухIидиновас комбайн сайгъат гьабиялъул, гьес жиндирго цо гектар ракьалда тIощел гIезабиялъул, баркала кьуна риидал ва хасалихъе комбайналда хурзабахъ хIалтIулев, хасало нухал гIаздадаса тракторалъ рацIцIад гьарулев «Загидова» ООО-ялъул нухмалъулев Мавлудин ГIусманхIажиевасе.

Фермер Мавлудин ГIусманхIажиевас росаби цIуниялъе, АПК цебетIезабиялъе бажараб хIалтIи гьабеян киназдего хитIаб гьабуна. «ЦIилик бекьулеб бугIа даруяб нигIмат ккола, АхIулгохI цIунулезе гьелъул мугъал кьолаан кваназе, бугIаялъул ханжу цадахъ босулаан хIежалде унез. Сахаватчи МухIамад МухIидиновас ралел руго лъеца хIалтIизарулел гьабал – кIиго гьобоялъ хьон ва цоялъ ханжу ханазе буго. Нижеца гIезарула химикатал ва ГМО гьечIел нигIматал. Ракьал мунпагIат кколедухъ хIалтIизаризе ккола, налогал рецIизе, аграриязул хIалтIул кьимат гьабизе ккола», - ян абуна Мавлудин ГIусманхIажиевас.

Фестивалалъул гIахьалчагIи ана гьабал ралеб бакIалде, росдал цогидал объектазде.

**«Гумбет» РИО**

РОСАБАЛЪА ХАРБАЛ

# СахаватчагIиги шахматалги

### Бакълъулазул районалъул Басрияб Сивухъ тIоритIана шашкаби ва шахматал хIаялъул къецал

**Шашкаби хIаялъул рахъалъ районалъул чанцIолго чемпион ва Дагъистаналъул призер ПирухIма Бекбулатов ракIалде щвеялъе сайгъат гьабураб шашкаби ва шахматал хIаялъул турнир тIобитIана Бакълъулазул районалъул Басрияб Сивухъ росулъ.**

Турнир тIобитIана Сивухъ росулъа сахаватчи ИсмагIил Бекбулатовасул жигаралдалъун. ГIуцIиялъулал хIалтIаби жиделаго тIаде росана Бакълъулазул гIолилазул централъ ва «Сивухъ росдал гIолилал» ДРООялъ.

Къецазде рачIана Бакълъулазул районалъул росабалъа шашкаби ва шахматал хIалезул 100-гIан чи, дагьаб къадар букIинчIо балагьизе рачIаразулги.

Рохалилаб-ахIвал хIалалда турнир рагьун кIалъана «Гумбет районалъул гIолилал» ДРООялъул председатель МухIамад Зубайиров, районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадов, Дагъистан Республикаялъул захIматалъул ва социалияб цебетIеялъул министерствоялъул профобучениялъул ва профориентациялъул отделалъул нухмалъулев СайгидхIусен МутагIиломов, ДРялъул Муфтияталда цебе бугеб лъайкьеялъул Гумбеталъул отделалъул нухмалъулев Ражаб Ханмирзаев, Сивухъ росулъ спорталъул рахъалъ методист Байсула АхIмадов.

Къецал тIоритIана 18 сон бачIезда гьоркьор шашкаби хIаялъе, гьебго гIелалда ва 18 соналдаса тIадехун аразда гьоркьор шахматал хIаялъе.

18 сон бачIезда гьоркьор шашкаби хIан бергьана ХIадис МухIамадов (ЧIиркъатIа), кIиабилеб бакI ккуна Ражаб Юнусовас (Данухъ), лъабабилеб бакI - МухIамад ЗайнулгIабидовас (Сивухъ), 18 сон бачIезда гьоркьор шахматал хIан бергьана АхIмад Набиев (Сивухъ), кIиабилеб бакIалъе мустахIикълъана Закир Юсупов (Сивухъ), лъабабилеб бакIалъе –Исуб Юсупов (Сивухъ). 18-ялдаса тIадехун сонал раразда гьоркьор шахматал хIан бергьенлъи босана Руслан Набиевас (Сивухъ), кIиабилеб бакI ккуна СайгидхIусен МутагIиломовас (Игьали), лъабабилеб бакI -МухIамад МухIамадовас (Игьали).

Бергьенлъи босаразе ва призеразе кьуна кубокал, грамотаби, гIарцулал сайгъатал. Щибаб категориялъе чIезарун рукIана гьира базабиялъул призалги. ХIурматияб приз щвараздa гьоркьов вукIана щуго сон гурони жеги бачIев васги.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# ЦIияб Аргъваниб росулъе лъим бачунеб буго

### Бакълъулазул районалъул ЦIияб Аргъвани росулъе лъим бачунеб буго 2,5 километралъул манзилалда

**ЦIияб Аргъвани росулъе лъим бачиналъул хIалтIаби унел руго. Аргъвани росдал «КIудияб ганчIихъ» абулеб бакIалдасан 2,5 км халалъухъе бачунеб буго лъим. Гьанжеялде 1,7 км манзилалда лъун руго 75 мм диаметралда ругел рогIрал.**

«ГIадамазул яшав лъикIлъизабиялъе лъикIалан хIалтIи гьабулеб буго «Сельсовет “Аргванинский”» росдал поселениялъ. ЦIияб лъим росулъе бачунеб буго росдал администрациялъул сурсатаздалъун. Росдал гIадамалги хIалтIулел руго лъим бачиналда. ХIалтIизе рачIаралъухъ ва гьабулеб кумекалъухъ кIудияб баркала загьир гьабула гьезие. Лъим бачиналъ росдал гIадамазе гIураб къадаралда бацIцIадаб лъим чIезабиялъе квербакъи гьабизе буго», - ян абуна рехсараб росдал поселениялъул администрациялъул бетIер АхIмадбег Ибрагьимовас.



Бихьизабизе ккола, росабазул гIадамал лъикIаб качествоялъул лъедалъун хьезариялъул суал республикаялъул нухмалъулезул ва Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул хьаравуллъиялда буго.

**«Гумбет» РИО**

ФЕДЕРАЛЬНЫЙ ПРОЕКТ В СФЕРЕ КУЛЬТУРЫ

# Повесть Гамзата Изудинова «На Харибском перевале» вошла в Антологию прозы народов России

**В Москве по государственной программе в области культуры вышла Антология прозы народов России, в которую вошла повесть главного редактора еженедельника «Гумбет», члена Союза писателей России Гамзата Изудинова.**




Во вступительном слове к книге советник Президента РФ по культуре, потомок Льва Толстого Владимир Толстой пишет: «Исторически сложилось так, что в нашей стране живут люди многих национальностей. Россия – единственная родина для людей разных культур. И здесь, как в большой дружной семье, таланты и способности каждого становятся радостью для всех остальных и основой для общего успеха. Забота обо всех народах, даже самых малых, уважение к другим этносам, воспитание подрастающего поколения в духе дружбы и толерантности были и остаются одним из приоритетов российской государственности. Проза – это, в первую очередь, художественное осмысление мира, поиск места в нем целого народа и отдельной личности, отражение эстетической и моральной позиции автора. Уверен, что эта Антология современной прозы народов России вызовет живой интерес у широкой читательской аудитории».

«Поэт и прозаик Гамзат Изудинов пишет как о прошлом, так и о современности. В его повести «На Харибском перевале» описано перемещение во времени учителя истории и его детей, из XXI в XIV век, в кровавую эпоху Хромого Тимура, предпринявшего поход на Дагестан в 1394–1395 гг. В увлекательной форме автор раскрывает мысль о неприятии насильственных методов покорения и уничтожения народов», – отметил председатель Союза писателей Дагестана, народный поэт Магомед Ахмедов.

В антологии произведения опубликованы на языках народов России и в переводе на русский язык.

**РИО «Гумбет»**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# Кавказалдаса фашистал хъами

### Бакълъулазул районалда тIоритIана Кавказ эркен гьабуралдаса 76 сон тIубаялъул хIурматалда тадбирал

**Бакълъулазул районалъул росабалъ, культураялъул хIалтIухъабазул хIаракаталдалъун батIи-батIиял тадбирал тIоритIана Кавказ немцазулгун фашистазул чияр ракьал рахъулездаса эркен гьабуралдаса 76 сон тIубаялъул хIурматалда.**

Инхоса ГIали-хIажиясул цIаралда бугеб централияб библиотекаялда тIобитIана гургинаб стол. Гьенир гIахьал-лъана муниципалитеталъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул хIалтIухъаби. ДандчIвай рагьана ва бачана районалъул администрациялъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас. Гьес жиндирго кIалъаялда тIадчIей гьабуна КIудияб ВатIанияб рагъда советиял аскараз бергьенлъи босиялъе Кавказ фашистаздаса эркен гьабиялъул букIараб кIудияб кIваралда, рагъухъабазда дандчIварал захIмалъабазда, гIолеб гIелалъе рагъулабгун ВатIан бокьиялъул тарбия цадахъ рекъон кьезе ккеялда. Дандеруссиналда кIалъазе вахъана культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумардибировги.

Кавказ эркен гьабуралдаса 76 сон тIубай кIодо гьабуна МелъелтIа, ЛъаратIа, Игьали, Лъанлъари ва цогидалги росабазул маданиялгун хIухьбахъиялъул централдаги.

**«Гумбет» РИО**

ГАРА-ЧIВАРИ

# Хъвай-хъвагIай гьаби - улка цебетIеялъе къучI

**2020 абилеб соналъул октябралда нилъер улкаялда тIобитIизе буго ТIолгороссиялъул халкъазул перепись. Гьелда хурхун «Гумбет» басмаялъул хIалтIухъан дандчIвана пачалихъияб статистикаялъул федералияб хъулухъалъул Гумбет районалда вугев бетIерав специалист эксперт МухIамад Лабазановгун.**



**- МухIамад, бокьилаан районалда ТIолгороссиялъул халкъалъул переписалде хIадурлъи кин унеб бугебали бицине?**

- Районалда, перепись гIуцIа-къан тIобитIи мурадалда, райадминистрациялъ гьаб соналъул 30 июлалда № 109 бугеб хIукму къабул гьабуна ва гьелъие квербакъиялъе бищана комиссия, (комиссиялъул председатель «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов).

Переписалде хIадурлъиялъул хIалтIи букIине кколеб даражаялда ин аслияб къагIидаялда бараб буго росабазул администрациязда. Жидеда тIадкъараб хIалтIи ракIбацIцIадго, жиндир заманалда тIубазабизе ккани, гьезул букIине ккола тIадегIанаб жавабчилъи.

Переписалде хIадурлъиялъул хIалтIабаздасан лъикIаблъун бихьизабун буго: щибаб росдал администрациялда гьелъие квербакъиялъул комиссия бищизе. МухIкан гьабизе жидерго администрациялъул территориялъул гIорхъи, дурус гьаризе ккола жидерго росабазул картаби. Росабазул къватIазе цIарал, минабазе номерал кьеялъул хIалтIи низамалде ккезаби.

Перепись гIуцIа-къан тIобитIизе ккани росабазул администрацияз гьанжеялдасаго мухIкан гьабизе ккола щибаб азбаралда бугеб цIараки. Халгьабизе ккола магIишатиял тIахьазул. Дурус гьабизе ккола «Парус» программаялда хъвалел баянал, тIаса арал ва тIаде рачIарал гIадамазул къадар. ХIажат буго гьеб кIвар цIикIкIараб тадбиралде жавабчилъиялда ралагьизе росабазул нухмалъулезе ва переписалъе квербакъиялъе бищараб комиссиялъул членал.

**- Цебесеб переписалдаса гьанже тIобитIизе бугелда хиса-басиял ругищ?**

- Цебесеб переписалдаса хадуб нилъер пачалихъалда гIемерал хиса-басиял ккана. Гьанже тIобитIизе бугеб переписалъ рес кьезе буго цIакъго кьиматал баянал щвезе. Гьединлъидал нилъеда тIадаб буго гьеб жеги гIуцIа-къан тIобитIизе. Гьелъие нилъер буго кIудияб бажариги, лъайги, хIалтIулъ хIалбихьи бугел гIадамалги. 2020 соналъ ТIолгороссиялъул переписалъул хIасилазул къучIалда гIуцIула анцIго сонилаб хадусеб хIалтIи. Гьеб бикьула регионазде ва районазде. Гьелъул хIасилалда рекъон биччала районалъе ричалел киналго сурсатал. Гьединлъидал гьеб мекъи ккезе бегьуларо.

Нилъер аслияб масъала ккола, улкаялда экономикаялъул социалиял масъалаби рагIаракьанде щун, халкъалъул мурадал тIуразаризе рес кьолеб, гьеб кIвар цIикIкIараб тадбиралде жавабчилъиялда балагьизе.

**Гара-чIвари гьабуна ГIайшат Исламбиеваль**

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ - МАГIАРУЛАЛ ЧIАХЪАГИ

# Районалъул цIар борхатго ккуна

### Дагъистаналъул чемпионаталда кIиго гIарцул ва цо мазгарул медалазе мустахIикълъана бакълъулазул полициялъулал

**МахIачхъала шагьаралъул Кировский районалъул Ленинкент поселокалда тIобитIана спортивияб ва рагъулаб самбоялъул рахъаль Россиялъул МВДялъул Дагъистан Республикаялъул чемпионат.**



Къецазда гIахьаллъана Дагъистаналъул шагьаразул ва районазул полициялъул отделаздаса 300-ялдаса цIикIкIун спортсмен. Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалдаса чемпионаталде ун рукIана полициялъул сержант Шамил МухIамадбакъиров (100 килограммалде щвезегIан цIайи) ва полициялъул гьитIинав сержант Анварбег Мурадов (74-ялде щвезегIан кг цIайи) .

«Самбоялъул рахъалъ къецазда полициялъул гIемер хIалтIухъаби гIахьаллъула, соналдаса соналде Дагъистаналъул полициялъулал спорталъул гьеб тайпаялде ругьунлъи цебетIолеб буго. ГIемерал къуватал спортсменал данде рукIаниги, Шамил МухIамадбакъировас лъикIал хIасилал рихьизаруна ва кIиабилеб бакI ккуна спортивияб ва рагъулаб самбоялъе. Анварбег Мурадовас ккуна лъабабилеб бакI»,-ян абун бицана Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул нухмалъулев Шамил Мажидовас.

Полициялъул отделалъул хIалтIухъабаз «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъ Шамил МухIамадбакъировасда ва Анварбег Мурадовасда баркулеб буго бергьенлъи ва гьарулеб буго гьабулеб хъулухъалъулъ, спорталъулъ хадурккунги церетIеял.

**«Гумбет» РИО**

**Бакълъулазул росаби** **Бакъулъ Гъарадирихъ**



ОБЪЯВЛЕНИЯ

## ПАО "Межрегиональная распределительная сетевая компания Северного Кавказа" АО "Дагестанская сетевая компания"

**Довожу до Вашего сведения о том, что в населенных пунктах Гумбетовского района в связи с плановыми ремонтными работами, т.е. ремонт и замена трансформаторов 1,2 - габаритов и КТП с РЛНД, подрядной организацией ООО «Нико» Невинномысск, в населенных пунктах Гумбетовского района Мехельта, Тлярата, Аргвани, Новое Аргвани, Чирката, Игали, Нижнее Инхо, Верхнее Инхо, Читль, Кунзах, Цанатли намечаются отключения ВЛ-10/0,4кВ с 21.10.2019 года. В чем заранее будет предупреждена служба МЧС.**

**М. Г. Муртазаев,**
**начальник Гумбетовских РЭС**

# Защитим себя от пожаров!

**Отопительный сезон в горных районах Дагестана наступает немного раньше, чем на равнине, поскольку ночные холода и заморозки с середины сентября случаются довольно таки часто и даже с выпадением снега. Необходимость создания комфортной температуры в жилых домах и в помещениях пребывания людей сопровождается с вопросами обеспечения безопасности этого процесса. В последнее время участились случаи возникновения пожаров и других несчастных случаев, связанных с эксплуатацией газового оборудования, которые приводят к человеческим жертвам и большому материальному ущербу. Из новостей информационных программ телевидения мы чуть ли не каждый день получаем сообщения о тех или иных случаях трагедий, которые происходят по причине халатности наших граждан из разных регионов РФ. Но не все районы и сёла подключены к газовой магистрали, если например, в Ботлихском районе дома отапливаются газовым топливом то в Гумбетовском и Ахвахском районах например, это делается традиционным способом дровами, углём, а также кизяком. Но всё же общие требования для граждан перед началом отопительного сезона это подготовка печей и дымоходов, с целью безопасной их эксплуатации.**

В целях профилактических мер по недопущению фактов возникновения пожаров по причинам связанным с эксплуатацией газобаллонных установок на территории Республики Дагестан, осуществляется мониторинг организаций, осуществляющих применение газобаллонных установок.

Обращаясь к тем, кто пользуется, газобаллонными установками хочется сказать, что соблюдение правил пожарной безопасности - это необходимое условие для недопущения возникновения пожаров и иных печальных событий в нашей жизни.

**Вот несколько требований правил пожарной безопасности, которые помогут избежать трагедий:**

в индивидуальных жилых домах, квартирах и жилых комнатах допускается хранение (применение) не более 10 л ЛВЖ и ГЖ в закрытой таре из негорючих и небьющихся материалов.

Не допускается хранение баллонов с горючими газами (далее ГГ) в индивидуальных жилых домах, квартирах и жилых комнатах, а также на кухнях, на путях эвакуации, в цокольных этажах, в подвальных и чердачных помещениях, на балконах и лоджиях.

Газовые баллоны (рабочий и запасной) для снабжения газом бытовых газовых приборов (в том числе кухонных плит, водогрейных котлов, газовых колонок)должны как правило, располагаться вне зданий в пристройках (шкафах или под кожухами закрывающими верхнюю часть баллонов и редуктор) из негорючих материалов у глухого простенка стены на расстоянии не ближе 5 м от входов в здание, цокольные и подвальные этажи.

Пристройки и шкафы для газовых баллонов должны запираться на замок и должны иметь жалюзи для проветривания, а также иметь предупреждающие надписи «Огнеопасно Газ»

Если все же потребуется помощь, оперативно звоните в службу спасения по единому номеру «112»

**А. Абдулаев,**
**начальник ОНДиПР №15**

# Правила выкладки молочных продуктов с 1 июля 2019 года

**С 1 июля 2019 года вступило в силу постановление Правительства РФ от 28.01.2019 № 50, согласно которому продавцы обязаны сопровождать выложенную на прилавок молочную продукцию надписью «Продукты без заменителя молочного жира», а также визуально отделять такие продукты от продуктов, содержащих заменители молочного жира.**

В этой связи Минпромторг России совместно с Роспотребнадзором приводят возможные способы визуального отделения продуктов без содержания молочного жира от других продуктов, сопровождая их примерами. Эти сведения носят рекомендательный характер, т.е. не являются обязательными для применения, могут отделить по своему усмотрению, но размещение должно быть отдельным и информация на товаре должна быть полной, достоверной, достаточной, чтобы избежать штрафных санкций. Таких рекомендуемых способов 7.

### Выкладка с применением разделителей

Предполагает использование полочных разделителей с надписью «Продукты без заменителя молочного жира». Такие разделители визуально отделяют молочные и молокосодержащие продукты от других. Пример такой выкладки – в Приложении № 1 к приказу.

### Выкладка с дополнительным оформлением ценников и (или) товарных полок

Этот способ подразумевает оформление ценников или целых полок с товарами в отдельном цвете. Кроме того, на цветном ценнике должна быть информация о содержании (или отсутствии) в продукте заменителя молочного жира. Примеры такой выкладки приведены в Приложениях № 2 и № 3 к приказу.

### Выкладка в отдельном низкотемпературном холодильнике

Товары без заменителей молочного жира, которые выкладываются в отдельном низкотемпературном холодильнике или в холодильном ларе, предлагается выделять при помощи цветных ценников с указанием на отсутствие заменителей молочного жира. Пример такой выкладки – в Приложении № 4 к приказу.

### Размещение надписи на «ценникодержателе» или полке

Информацию об отсутствии заменителя молочного жира предлагается размещать непосредственно на «ценникодержателе» или так называемом стоппере в соответствии с Приложением № 6 к приказу.

Кроме того, надпись об отсутствии заменителей молочного жира можно разместить непосредственно на полке, на которой выкладывается продукция. Пример такого размещения – в Приложении № 7 к приказу.

### Ответственность за несоблюдение новых правил

Во избежание ответственности за невыполнение новых правил визуального выделения продуктов без заменителей молочного жира, можно воспользоваться вышеприведенными рекомендациями или разработать свои методы.

Насколько самостоятельно разработанные методы визуального выделения продуктов соответствуют требованиям законодательства, будут оценивать представители контролирующих органов.

Несоблюдение требований о визуальном выделении на прилавках указанных продуктов может привести к привлечению к административной ответственности на основании: • ч. 2 ст. 14.7 КоАП РФ (обман потребителей) в виде:

- штрафа на должностных лиц и предпринимателей – от 12 000 до 20 000 рублей;
- штрафа на юридических лиц – от 100 000 до 500 000 рублей. ч. 1 ст. 14.8 КоАП РФ (нарушение права потребителя на получение информации о товаре) в виде:
- предупреждения;
- штрафа на должностных лиц и предпринимателей – от 500 до 1 000 рублей;
- штрафа на организации – от 5 000 до 10 000 рублей. ст. 14.15 КоАП РФ (нарушение правил продажи товаров) в виде:
- предупреждения;
- штрафа на должностных лиц и предпринимателей – от 1 000 до 3 000 рублей;
- штрафа на организации – от 10 000 до 30 000 рублей.

**П. Д. Магомедрашидова,**
**специалист-эксперт ТО управления Роспотребнадзора по РД в Ботлихском районе**

ЗИГАРА

## Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас зигара балеб буго АхIмад МухIамадовасул хъизамалда ва гIагарлъиялда

**16 октябралда къадаралде щвана динияв ва жамгIияв хIаракатчи, гIалимчи**



**ЧIиркъатIаса АхIмад МухIамадов. Гьев гIемер соназ хIалтIана ДРялъул муфтияталда, Бакълъулазул районалъул имамзабазул Советалъул председательлъун. КIудияб бутIа лъуна гIолеб гIелалъе рухIиябгун лъикIаб гIамал-хасияталъул тарбия кьеялъулъ.**

**Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго къадаралде щварав АхIмад-хIажил хъизамалда, гIага-божаразда, ЧIиркъатIа росдал гIадамазда.**

## ЦIияб Аргъваниб школалда - экстремизмалда данде тадбир

ЦIияб Аргъвани гьоркьохъеб школалда тIобитIана ДРялъул Муфтияталда цебе бугеб лъайкьеялъул отделалъул хIалтIухъан ХIажи Иналов ва росдал имам Рамазан ХIусенов гIахьаллъараб тадбир. ХIажи Иналовас бицана ДРялъул Муфтияталъ экстремизмалъул ва терроризмалъул идеологиялда данде гьабулеб бугеб къеркьеялъул. Гьес гьединго рихьизаруна Россиялда ва Дагъистаналда террористическиял актазда хурхарал видеороликал.

**«Гумбет» РИО**

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.